

# Jwenn Sèvis Ou Bezwen yo pou Rete an Sekirite Lakay Ou a Pandan Kriz COVID-19 lan

Pandan moman difisil sa, Vil New York la vle asire l ou gen aksè gratis ak sèvis epi sipò. Èd disponib. Anba a se yon lis resous ki disponib yo.

Anplis de sa, Depatman Sante Vil la gen resous disponib ki nan lis la pa katye. **[Klike la pou yon lis Resous pou COVID-19 pa Katye.](#)**

---

**Èd Gratis pou moun New York ki aje yo:**

## ASISTANS ALIMANTÈ

Si ou enkyè konsènan kapasite ou pou jwenn manje, gen manje gratis ki disponib pou tout moun, epi kèk abitan New York ka kalifye pou èd livrezon adomisil.

- Vizite [sit entènèt Asistans Alimantè](#) a oswa rele 311 pou aprann plis

## SANTE AK SEKIRITE

**Sipò Sante mantal:** Pandan epidemi COVID-19 la, li nòmal pou w estrese, akable, tris, enkyè oswa pè.

- Pou jwenn èd pou w ka fè fas, [vizite sit NYC Well la](#)
- Si sentòm estrès oswa enkyetid ou yo vin akablan, ou ka pale ak yon konseye 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355) oswa tèks "BYENNÈT" nan 65173
- Gid konplè [pou sèvis sante mantal gratis moun New York yo kapab aksede pandan y ap rete lakay yo](#)

**Sekirite lakay ou:** Si ou pa santi ou an sekirite lakay ou, oswa si ou santi presyon, entimidasyon oswa perèz akòz nenpòt moun, rele:

- Sant Resous Depatman pou Moun Aje NYC (NYC Department for the Aging's Resource Center) a nan 1-212-442-3103 soti 9:00 am pou rive 5:00pm
- Liy asistans telefonik 24 sou 24 NYC Safe Horizon ap jere a: 1-800-621-4673 tout lòt fwa yo
- Si ou gen yon ijans, rele 911

**Livrezon Medikaman:** Youn nan opsyon pou resevwa livrezon adomisil pou medikaman ki preskri yo se pou kontakte yon famasi ki rele Capsule, ki ofri livrezon gratis menm jou a, 7 jou sou 7. Si ou chwazi rele yo, se Capsule, pa Vil la ki pral responsab livrezon preskripsyon sa yo alavni. Capsule ofri livrezon gratis adomisil pou medikaman doktè preskri yo, men ou **dwe pran an chaj depans pou medikaman asirans ou an pa kouvri yo**, jan ou t ap fè sa pou nenpòt ki lòt famasi. Ou ka rele Capsule nan (646) 362-3092.

**Ekipman Medikal:** Youn nan fason pou resevwa livrezon ekipman medikal adomisil (tankou baton, deyanbilatè/walkè, katetè, kouchèt/kalson granmoun, pwodwi swen pou blese, CPAP ak lòt materyèl respiratwa, elatriye), ou ka kontakte yon òganizasyon ki rele Tomorrow Health. Tomorrow Health ap ofri livrezon gratis adomisil pou ekipman medikal, **men ou dwe pran an chaj depans pou medikaman asirans ou an pa kouvri yo**. Si ou chwazi rele yo, se Tomorrow Health, pa Vil la ki pral responsab livrezon ekipman medikal sa yo alavni. Ou ka rele yo nan 844-402-4344.

**Èd ak Medicare** : Ou gen konfizyon pou konnen ki plan ki bon pou ou? Pwogram Enfòmasyon, Konsèy ak Asistans Asirans Sante a kapab bay sipò gratis.

**Rete konekte:** Pandan moman difisil sa a, volontè yo disponib pou rele epi pran nouvèl ou. Si w enterese a sèvis sa:

- Rele Aging Connect nan 212-244-6469 pou plis enfòmasyon

## FINANS AK PWOTEKSYON KONSOMATÈ

**Pèman Enpak Ekonomik (Pèman Estimilis)**: Pi fò granmoun aje ak retirete yo, menm jan ak lòt moun kap resevwa avantaj federal yo pral jwenn yon pèman otomatik \$1,200.

**Preparasyon Taks Gratis**: Jwenn èd pou ranpli fòm taks ou yo gratis pandan w rete chita lakay ou. Sèvis yo gen ladan preparasyon vityèl taks pa yon preparatè benevòl VITA/TCE IRS sètifye ak preparasyon poukont ou ak asistans anliy.

**Dat limit pou ranpli taks yo te ranvwaye pou 15 jiyè 2020**; sepandan, si ou elijib pou yon pèman estimilis men ou pa resevwa li otomatikman, lè sa a, ou dwe ranpli taks ou pou jwenn pèman estimilis w lan.

**Konsèy finansye konfidansyèl gratis pa telefòn**: Lajan enkyete w? Ou pa pou kont ou. Ou ka pran yon randevou pa telefòn pou konsèy finansye konfidansyèl gratis. Yon konseye ka ede w louvri yon kont labank pou mete an plas depo dirèk; jere chanjman sibit nan bidjè oswa revni kay la; kontakte kreyansye w yo, ak plis ankò.

**Evite fwòd:** [Consumer Protection Tips for Older Adults](#) bay konsèy sou fwòd ak pwoblèm finansye komen ak kote pou w ale pou jwenn èd.

## SIPÒ ADISYONÈL POU NOUYÒKÈ AJE

**Tout pwosedi degèpisman nan New York City kanpe pou von tan endefini**. Mèt kay ou pa kapab fè w degèpi ou, mete w deyò, oswa mande ou pou w kite apatman w lan paske w gen COVID-19 oswa paske w an karantèn adomisil. W ap toujou bezwen pou peye lwaye pandan karantèn lan oswa nenpòt ki tan w pase nan yon sant medikal.

**Sèvis piblik yo pa kapab kanpe pou pèman manke pandan kriz COVID-19 la**. Si ou te resevwa yon avi dekonèksyon elektrisite, gaz, oswa chofaj ou ka aplike pou èd finansye an ijans.

Ou ka [aplike pou resevwa avantaj pandan w rete lakay ou](#), tankou Pwogram Asistans Nitrisyonèl siplemantè (Supplemental Nutritional Assistance Program, SNAP) ak Asistanj Lajan Kach (Cash Assistance, CA).

Rezidan ki pa gen gwo revni Vil New York yo ka elijib pou jiska [\\$900 asistans finansye pou kouvri depans](#) fineray pou yon rezidan Vil New York la ki pa gen gwo revni ki se manm fanmi oswa yon zanmi.

---

## Moun New York yo ta dwe rete lakay yo otank yo kapab.

Soti sèlman pou travay ki esansyèl. Travay sa yo enkli travay pou yon konpayi ki esansyèl, al fè pwovizyon ak achte ekipman, oswa resevwa swen medikal ki nesèsè.

Si ou dwe soti, kenbe omwen yon sis pye distans ak lòt moun yo, epi mete yon kachnen. Lave men ou avèk savon ak dlo souvan, pandan omwen 20 segonn chak fwa, oswa sèvi ak dezenfektan pou men ki a baz alkòl.

**Men kèk konsèy sou ki jan pou sèvi ak kachnen san danje:**

**Kesyon Moun Poze Souvan Sou Kachnen yo** (PDF, 27 Avril) Lòt Lang:

**Español | Русский | 繁體中文 | 简体中文 | Kreyòl**

**avisven | 한국어 | বাংলা | Italiano | Polski | العربية | Français | اردو | فارسی | יידיש | ελληνικά | עברית**

**हिन्दी | 日本語 | नेपाली | Português | ਪੰਜਾਬੀ(India) | ਪੰਜਾਬੀ(Pakistan) | Tagalog | ไทย | မြန်မာ**

**ខ្មែរ | Tiếng Việt**